

Pou Piblikasyon Imedya: 15/09/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE MEZI EGEZKITIF IJANS POU ENTÈDI LAVANT
SIGARÈT ELEKTWONIK KI AWOMATIZE YO**

***Lapolis Eta a ak Depatman Sante a Asosye yo Imedyatman pou Entansifye Efò
Aplikasyon lalwa yo Kont Detayan yo ki Vann Jèn ki Minè yo - Posibilite pou Pèn
Kriminèl yo***

***Li Avanse Lejislasyon pou Elimine Maketin Twonpè sou Sigarèt Elektwonik pou
Timoun ak Jèn ki Minè yo***

***Komisè DOH a Dr. Zucker pral Fè Reyinyon an Ijans avèk PHHPC la pou Endèdi
Awòm Sigarèt Elektwonik yo***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a yon mezi egzekitif ijans pou entèdi lavant sigarèt elektwonik ki awomatize yo nan New York - se dènye pami yon seri mezi pou konbat ogmantasyon kantite jèn ki ap itilize pwodwi vapotaj yo, ki atire anpil akòz awòm maketin konpayi sigarèt elektwonik yo ki vize rann timoun yo depanndan de nikotin. Komisè DOH la Dr. Howard Zucker pral fè reyinyon an Ijans avèk Konsèy pou Planifikasyon Sante ak Sante Piblik a (Public Health and Health Planning Council, PHHPC) pou entèdi awòm sigarèt elektwonik yo, oswa PHHPC a, semèn sa a pou entèdi sigarèt elektwonik ki awomatize yo. Gouvènè a te bay enstriksyon ak Lapolis Eta a ak DOH la pou imedyatman asosye yo pou entansifye efò aplikasyon lalwa yo kont detayan yo ki vann jèn ki minè yo, avèk posibilite pou pèn kriminèl yo. Finalman, Gouvènè a te anonse li pral fè avanse lejislasyon pou entèdi maketin twonpè sou sigarèt elektwonik yo pou minè yo ak timoun yo.

"New York ap konfwonte ak kriz sa a yon fason fwontal epi jodi a nou ap franchi ankò yon lòt gwo pa nan nasyon an pou konbat yon ijans sante piblik", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Fabrikan sigarèt elektwonik ki gen awòm sirèt ak fwi yo vize yon fason entansyonèl ak ensousyan jèn moun yo, epi jodi a nou ap pran mezi pou mete fen ak sa. An menm tan, magazen ki san eskripil yo ki ap vann yon fason entansyonèl pwodwi vapotaj yo bay jèn minè yo - detayan sa yo resevwa notifikasyon ke nou ap entansifye aplikasyon lalwa epi nou pral kenbe yo epi trennen yo devan lajistis."

Pou konbat detayan yo ki ap vann pwodwi tabak ak vapotaj bay jèn ki minè yo, Lapolis Eta a ap asosye ak DOH la pou reyalize ankèt an kachèt nan tout Eta a anba Lwa sou Prevansyon Itilizasyon Tabak lakay Adolesan (Adolescent Tobacco Use Prevention Act, ATUPA) ki rekrute jèn minè pou tante achte pwodwi tabak ak sigarèt elektwonik. Detayan yo jwenn ki ap vann pwodwi tabak ak vapotaj bay moun ki minè to pral fè fas ak pèn kriminèl anplis de pèn sivil yo. Lè lejislasyon ki te siyen an Jiyè a antre an vigè 13 Novanm, efò pou rechèch ak konfòmite sa yo pral kontinye avèk yon konsantrasyon renouvle sou lavant bay sila yo ki gen mwens pase 21 ane.

Yo ap evalye chak detayan tabak chak ane pou konfòmite ak lalwa.

- Ofisyè lapolis Eta a ak lokal yo te reyalize 29,552 enspeksyon pou konfòmite pandan pwogram ane a 1 Avril, 2016 jiska 31 Mas 2017. Nan 22,395 verifikasyon pou konfòmite sa yo kote jèn ki minè te fè tantantiv pou achte tabak ak lòt pwodwi ki gen restriksyon.
- Pandan peryòd 1 Avril 2016 jiska 31 Mas 2017 la, yo te reyalize yon total 386 enspeksyon an repons ak 250 plent yo te pote konsènan vyolasyon ATUPA a.
- Pandan peryòd 1 Avril 2016 jiska 31 Mas 2017, jèn yo te achte tabak ak lòt pwodwi ki gen restriksyon yo 1,296 fwa. Yo te pran yon total 985 mezi aplikasyon lalwa pou vyolasyon ATUPA a epi yo te evalye plis pase 922, 000 dola nan kontravansyon.

Efò sa yo te swiv yon seri aksyon Gouvènè a ki vize adrese ogmantasyon itilizasyon pwodwi vapotaj yo, ki anba egzamen nan nivo nasyonal apre ogmantasyon kantite ka maladi respiratwa ki gen rapò ak vapotaj yo.

12 Septanm lan, Gouvènè Cuomo te siyen yon [òdonans egzekitif](#) ki bay enstriksyon ak ajans Eta a yo pou deplwaye pwogram sansibilizasyon edikasyon sou vapotaj epi ki gen ladan prevansyon sigarèt elektwonik ak mezi arè yo nan pwogram edikatif yo ak fòmasyon pou anplwaye yo. Odonans lan bay enstriksyon tou ak DOH la pou travay ak Depatman Edikasyon Eta a (State Education Department) pou elabore ak deplwaye mezi sa yo imedyatman pou distri lekòl yo ka enkòpore yo nan kourikoulòm yo. Gouvènè a te siyen tou lejislasyon pou etann pwogram aktyèl ki baze sou lekòl yo ak kanpay maketin ki vize redwi itilizasyon tabak pou ajoute sigarèt elektwonik yo ak nikotin likid.

9 Septanm lan, Gouvènè a te bay enstriksyon ak DOH la pou lanse yon ankèt sou konpayi yo ki pwodwi sibstans pou vapotaj yo. DOH la te bay twa sitasyon dekwa pou DOH la ka detèmine melanj engredyan nan epesisan dilyan yo. DOH la te adopte tou règleman ijans yo pou egzije magazen yo ki van sigarèt elektwonik yo pou afiche yon avètisman ki enfòme moun ke li poze yon risk siyifikatif pou sante. Règlemnè yo la kounye a pou fè sa.

16 Jiyè a, Gouvènè Cuomo te siyen lejislasyon an pou ogmante laj pou achte tabak ak pwodwi sigarèt elektwonik la soti 18 ak 21 ane, apati 13 Novanm 2019. Gouvènè a te siyen tou an Oktòb 2017 lejislasyon pou entèdi itilizasyon sigarèt elektwonik yo sou tout teren lekòl yo ak tout kote yo anpeche pwodwi fimen yo.

Ogmantasyon dramatik nan itilizasyon sigarèt elektwonik yo nan mitan jèn yo rive an grann pati akòz likid elektwonik ki awomatize yo, epi awòm yo se prensipal rezon ke jèn yo inisye epi mentni itilizasyon sigarèt elektwonik. Daprè done Depatman Sante a yo, prèske 40 pousan elèv 12yèm ane ak 27 pousan elèv lekòl segondè nan Eta New York kounye a ap itilize sigarèt elektwonik, epi likid elektwonik ki aromatize yo ankouraje anpil ogmantasyon sa a. Itilizasyon lekòl segondè an 2018 (27.4%) 160 pousan pi plis pase jan li te ye an 2014 (10.5%). Byenke to fimen pou elèv lekòl segondè New York yo bese soti nan 27.1% an 2000 pou vin yon nivo rekò 4.3% an 2016, maketin agresif k ap fè pwomosyon sigarèt elektwonik ki awomatize yo pral chanje tandans sa a. Awomatizasyon se yon estrateji maketin kle ki sible jèn yo, ke endistri sigarèt elektwonik/ayewosòl la itilize menm jan yo fè l nan mache sigarèt, siga, ak tabak san lafimen yo. Maketin sigarèt elektwonik yo mete aksan sou awòm yo tankou chokola mant, chiklèt ak kola seriz, epi yo kreye yon fo kwayans ke yo pa poze danje pou

itilizatè yo. Nan yon ankèt sou adolesan ki gen 15 rive 17 ane an 2017 nan Eta New York ki itilize kouraman pwodwi vapè elektwonik yo, 19% adolesan yo te di ke awòm yo se te rezon yo te premye itilize yon sigarèt elektwonik epi 27% te di awòm yo se te rezon pou kontinye itilizasyon an. Etid yo montre tou prèske 78% elèv lekòl segondè, ak 75% elèv lekòl primè rapòte ke yo te ekspoze a maketin an favè tabak an 2016. Lejislasyon nou dwe avanse nan pwochen sesyon an pral anpeche piblisite twonpè ak fo sa yo ki sible jèn nou yo.

Komisè Depatman Sante Eta New York la, Dr. Howard Zucker, te di, "Sigarèt elektwonik yo te enplike kòm yon endikatè kle nan tandans kwasan sou itilizasyon pwodwi tabak yo pami jèn yo nan ane resan yo. Règleman sa yo pral ede kase tandans danjere sa a epi sa pral prezève pi devan sante tout Nouyòkè yo, espesyalman pami jèn ki minè yo".

Komisè Lapolis Eta a, Keith M. Corlett te deklare, "Detayan yo ki vann sigarèt Elektwonik ak pwodwi vapotaj yo dwe asire yo verifeye kat idantite yo epi ke yo vann sèlman sila yo ki gen laj ase pou achte. Manm patwouy Eta a pral asosye ak Depatman Sante a pou konbat sila yo ki vann bay minè yo pou rann yo responsab nan tout limit lalwa pèmèt".

Konsènan maladi resan yo te rapòte kòm rezilta vapotaj yo, pasyan k ap itilize pwodwi vapotaj yo te rapòte yon bann sentòm, k ap devlope sou yon peryòd ant plizyè jou a plizyè semèn, gen ladan: sentòm nan poumon (tous, souf kout, doulè nan pwatrin), sentòm gastwoentestinal (kè plen, vomisman, dyare), fatig, lafyèv, tèt fèmal, ak pèt pwa.

Gen yon enkyetid konsènan ekspozisyon moun ak nikotin, kòm itilizatè yo souvan pa konnen ki kantite nikotin yo ap konsome nan likid sa yo. Sigarèt elektwonik ki plis resan ak plis popilè sa yo delivre gwo kantite nikotin, eleman adiktif ki nan tout pwodwi tabak yo. Pandan ke li twò bonè pou nou konprann efè alontèm sou sante yon lavi antye nan itilizasyon sigarèt elektwonik, rechèch yo kòmanse akimile sou kèk efè sou sante ki gen rapò ak maladi kadyovaskilè ak maladi respiratwa yo. Depatman Sante a pral kontinye veye pi pre literati rechèch yo pou enpak sou sante ki gen rapò ak sigarèt eletwonik yo.

Nenpòt moun ki gen sentòm ki itilize pwodwi sigarèt elektwonik dwe kontakte founisè swen sante yo imedyatman. Founisè swen sante yo ta dwe rapòte ka posib yo bay sant kontwòl pwazon lokal la ([1-800-222-1222](tel:1-800-222-1222)). Si ou gen okenn enkyetid pou aparèy sigarèt elektwonik ou a oswa pwodwi oswa jis vle plis enfòmasyon, rele liy dirèk sigarèt elektwonik NYSDOH la a nan 1-888-364-3046.

Pou w jwenn plis enfòmasyon, vizite:

https://health.ny.gov/prevention/tobacco_control/campaign/e-cigarettes/.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)